



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PIBLISITE POU KANPAY "REYIMAJINE, REBATI, RENOUVLE" A POU SIPÒTE REKIPERASYON EKONOMIK ETA A

Nouvo piblisite yo ankouraje Nouyòkè ki elijib yo pou aplike pou pwogram sekou pou lwaye ak sekou pou ti biznis yo ki bay yon total 3.8 milya dola

Gade piblisite yo [isit la](#) ak [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman de nouvo piblisite pou ogmante sansibilizasyon piblik la sou sekou pou ti biznis yo ki bay yon total 3.8 milya dola pou ede Nouyòkè yo rekipere apre pandemi COVID-19 la. Piblisite yo, ki fè pati kanpay "Reyimajine, Rebati, Renouvle" [Gouvènè a te lanse an me](#), fèt pou ankouraje lokatè yo ak ti biznis yo aplike epi pral difize sou plizyè platfòm, sa gen ladan televizyon, estasyon lang-Panyòl, sèvis difizyon an tan reyèl ak sou entènèt. Kanpay la pral pase nan tout eta a rive fen jiyè.

"New York ap pote viktwa sou COVID-19 la epi redui restriksyon, ak relanse ekonomi nou an, nou dwe ede lokatè ak ti biznis yo nan eta a tounen sou pye yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "De nouvo piblisite sa yo pral ankouraje 3.8 milya dola nan èd eta a pou lokatè ak ti biznis yo pou nou kapab relanse ekonomi nou an epi bay lojman estab pou Nouyòkè yo. Pandemi an te gen gwo enpak sou mwayen sibzistans nan tout eta a, men n ap rekipere nou epi nouvo piblisite sa yo pral pwopaje pawòl la pou di gen èd nan wout".

Piblisite yo ankouraje pwogram sekou pou COVID-19 ki annapre yo:

- **Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye:** Kay ki gen revni fèb ak modere yo ki gen risk tonbe nan sityasyon sanzabri oswa enstabilite lojman ka aplike pou aryere nan lwaye, asistans lwaye tanporè ak asistans pou aryere nan sèvis piblik. Pwogram 2.7 milya dola.
- **Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la:** Pwogram sibvansyon pou rekiperasyon ti biznis lan mete jiska 800 milyon dola finansman disponib pou ti biznis yo pou ede yo rekipere de enpak ekonomik apre pandemi an. Aplikasyon pou pwogram nan ouvri pou ti antrepriz ak mikwo antrepriz yo ak òganizasyon kiltirèl ak atistik endepandan san bi likratif yo pou ede yo rekipere de enpak ekonomik pandemi an.

- **Pwogram Rezistans Restoran:** 25 milyon dola nan finansman sibvansyon pou sipòte restoran ki bay repa pou kominote ki boulvèse ak mal reprezante yo.
- **Kredi Taks pou Restoran Retounen nan Travay:** 35 milyon dola pou restoran piti, ki gen pwopriyete endepandan nan Vil New York oswa nan nenpòt zòn nan Eta New York ke Depatman Sante Eta New York deziyen kòm swa yon zòn Oranj oswa yon zòn Wouj pandan omwen 30 jou konsekitif.
- **Kredi Taks pou Pwodiksyon Mizik ak Teyat nan Vil New York** Pou pwodiksyon ki gen bi likratif ki pral fèt sou yon sèn kalifye ki gen omwen 500 plas pou chita. 100 milyon dola nan kredi taks pou relanse endistri a ak sipòte aktivite touris nan Vil New York.
- **Fon Komèsyalizasyon Byodefans Eta New York:** 40 milyon dola ki devwe pou yon inisyativ espesifik ak syans pou kapitalize sou resous rechèch ak devlopman New York yo epi ekspètiz nan syans lavi, byoteknoloji ak byodefans.
- **Fon Prè New York Forward:** Yon pwogram rekiperasyon ekonomik 100 milyon dola ki vize sipòte ti biznis, òganizasyon san bi likratif ak ti pwopriyete rezidansyèl nan New York.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Ti biznis yo se rèl do ekonomi New York, epi Pwogram Sibvansyon sou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la se premye etap pou asire ke biznis ki gen difikilte yo resevwa sipò yo bezwen pou rekipere yo de enpak devastatè pandemi COVID-19 la. Atravè gwo efò maketing ak sansibilizasyon, ESD (Empire State Development) ap asire ti biznis yo konsyan de asistans ak opòtinite Eta New York te konsevwa espesyalman pou yo pou yo kapab grandi tou pandan ekonomi an ap re-ouvri".

Komisè Biwo Eta pou Asistans Tanporè ak Andikape a Mike Hein te deklare, "Pwogram asistans lwaye a pral ede Nouyòkè ki gen difikilte yo soulaje fado ki pa peye yo, pou yo ka kòmanse rekipere de efè negatif finansye pandemi an. Nou aplodi Gouvènè Cuomo dèske li mete aksan sou pwogram sa a ak lòt yo k ap bay finansman enpòtan pou Nouyòkè yo ak kominote yo ke pandemi an te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Nan me, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) Eta a te konsakre finansman pou inisyativ yo ki fèt espesyalman pou ede lokatè ak ti biznis yo k ap rekipere toujou anba enpak ekonomik devastatè global pandemi COVID-19 la. Nan dat 8 jen, Gouvènè Cuomo [te pwopoze pou anile taks](#) sou sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la. Nan 10 jen, Gouvènè Cuomo [te lanse](#) ouvèti aplikasyon sou entènèt pwogram nan: [NYSBusinessRecovery.ny.gov](https://www.nysbusinessrecovery.ny.gov). Sit la te mete aksan tou sou plizyè resous ki disponib pou sipòte ti biznis k ap chèche sekou pou pandemi an. Empire State Development pral kontinyèlman mete li ajou amezi gen plis detay ak enfòmasyon sou finansman k ap vin disponib. Se [Lendistry](#), yon enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè ki dirije pa yon minorite k ap opere sit aplikasyon an pou pwogram nan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)